


Ekip baskètbòl fanm **Classical High School** kanpe pou fè yon foto aprè yo te fin li pou elèv **Fogarty Elementary School** yo pandan Semèn Lekti a..

# KONEKSYON

3 ME 2023

## ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) la! Si ou menm oswa yon moun rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon anvan yo sou sitwèb Distri a nan plizyè lang.

Se te bèl bagay pou wè tout moun samdi a nan fwa pou opòtinite**PVD Manje, Jwe, Aprann** nan PCTA a. Chak ete, nan kolaborasyon nou ak vil Providence ak òganizasyon nan zòn nan, nou kapab ofri yon valè opòtinite pou elèv ki nan Pre-K jiska klas 8yèm ane. Pwogram primè aprantisaj ete nou an te elaji ete sa a pou sèvi plis elèv toujou. N ap travay di pou rasire aprantisaj se plezi!

Dènyèman, lekòl nou yo te resevwa **Semèn Lekti**. Se te yon plezi pou m te youn nan lektè vizitè nan lekòl primè nou an. Mwen te li nan yon bèl klas 2yèm ane nan **Mary E. Fogarty Elementary School**. Mwen te menm kontre ak ekip baskètbòl fanm Classical la ki te li pou elèv yo tou lòtbò a.

Mwen ta renmen tou eksprime gratitid mwen bay pwofesè yo ak administratè ki te travay di pou administre **Rhode Island Comprehensive Assessment System (RICAS)** jiska klas 3-8èm ane nan lang anglè ak atizay pou elèv lekòl segondè nou yo. Nou gen Matematik RICAS k ap vini la a. Se pa sèlman tès ki yon defi pou elèv yo, men tès ofisyèl yo mande anpil kowòdinasyon nan men anplwaye nan tout nivo nan òganizasyon an.



DOKTÈ. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN

## MAKE KALANDRIYE W YO!

- **KÒMANSMAN ENSKRIPSYON PWOGRAM ETE**
  Samdi 28 avril
  Dat limit priyorite: Vandredi 12 me
- **DAT LIMIT ENSKRIPSYON LOTRI MATÈNÈL**
  Vandredi 12 me
- **TÈS MATEMATIK RICAS**
  Lekòl primè: Sesyon 1 ak 2, Klas 3èm ak 4èm
  Lekòl premye sik segondè: Sesyon 1 Tout klas yo
  Lendi 15 me - Madi 16 me
- **TÈS MATEMATIK RICAS**
  Lekòl primè: Sesyon 1 ak 2, Klas 5èm ane:
  Lekòl primè: Sesyon 2 Tout klas yo
  Mèkredi 17 me - Jedi 18 me

MEMENI LEKÒL LA

SUMMER LEARNING
APRENDIZAJE DE VERANO
Providence Schools

### ENSKRIPSYON NAN PWOGRAM SUMMER A OUVÈ

Si w enterese rantre nan pwogram summer, tanpri vizite sitwèb nou an nan providenceschools.org/summer. Enskri anvan **12 Me** pou rasire plas ou.

**SOTI LENDI 10 JIYÈ POU RIVE JEDI 17 OUT**

**Lekòl primè (Klas K-5)**
Akademi Aprantisaj Summer Stars
Lendi - Vandredi, 8:00 am - 5:00 pm.

**Lekòl premye sik segondè (Klas 6 - 8èm)**
NEED STEM nan DelSesto
Lasyans, Teknoloji, Jeni, Matematik (STEM, an anglè)
Lendi - Jedi, 8:00 a.m. - 2:00 p.m.

E-Sports nan DelSesto
Lendi - Jedi, 8:00 am - 2:00 pm.

**Lekòl Segondè (Klas 9-12)**
Rekiperasyon kredi nan ete nan lise PPSD
Lendi - Jedi
8:00 am - 2:00 pm.

## MIZAJOU DISTRI

### TÈS MATEMATIK RICAS

Yon rapèl pou elèv lekòl primè ak premye sik lekòl segondè yo ak fanmi yo: tès RICAS pou Matematik la ap kòmanse lendi 15 me epi l ap fini jiska jedi 18 me. Tanpri vizite sitwèb distri a pou plis enfòmasyon sou dat espesyal yo.

### DAT LIMIT POU ENSKRIPSYON LOTRI NAN MATÈNÈL

Si timoun ou a gen 5 lane 1ye septanm 2023 oswa anvan sa a, y ap kalifye pou yo enskri nan enskripsyon lotri matènèl la. Vandredi 12 me se dènye jou pou fanmi yo enskri pitit yo. Yo kapab jwenn tout detay enskripsyon ak kondisyon yo sou sitwèb distri a.

### 17 ME PA GEN LAGE BONÈ

Tanpri make nan kalandriye w yo chanje Mèkredi 17 Me an yon jounen lekòl konplè olye yon jou lage bonè. P ap gen jou lage bonè pou devlopman pwofesyonèl pandan mwa me a.

### BOUS ETID EDWARD HICKLING BRADFORD 2023

PPSD, an kolaborasyon ak **vil Providence**, **Depatman Edikasyon Rhode Island la (RIDE)** ak **Bradford Trust** kontan anonse **bous etid Edward Hickling Bradford 2023** anliy kounye a epi disponib pou senyò PPSD ki kalifye. Avèk èd bous etid la, elèv Providence ki demontre gwo bezwen finansye ap gen opòtinite pou yo ale nan inivèsite.

## EGALITE AK APATENANS

Aprantisaj ak dirije pou ekite se yon pwosesis ki mande refleksyon sou pwòp tèt ou nèt ale. Nou dwe rekonèt pwòp pozisyon nou nan salklas nou yo, lekòl yo ak espas travay yo pou nou kreye konsyantizasyon sou inegalite ki egziste yo. Doktè Gholdy Muhammad, benefisyè bous etid epi otè Cultivating Joy and Unearthing Genius, ekri, "Kòm edikatè, nou gen yon gwo responsablite pou kiltive konesans, reflechi sou lavi nou epi pou nou kapab nonmen objektif nou ak apwòch nou nan ansèyman ak aprantisaj." Pou sa a, Biwo Ekite ak Apatenans la kontan selebre akonplisman sa yo -

### FONDMAN POU ASISTANS NAN KOWÒT MIKWO-SÈTIFIKASYON NAN ZAFÈ EKITE

Depi nan kòmansman mwa mas, yon gwoup edikatè devwe te angaje nan yon pwogram mikwo-sètifikasyon ki konsantre sou ede pwofesè yo konprann diskriminasyon sistemik ak konsekans li yo, evalye kontèks aktyèl yo pou pratik ekite epi bati relasyon kanmarad-ak-kanmarad nan respè ak konsyans. Felisitasyon pou **LeAnn Dube** (Mount Pleasant), **William Graves** (PCTA), **Stephanie Griffin** (Greene), **Rachel Greenberg** (Bailey), **Lindsay Paiva** (Webster) ak **Sarah O'Reilly** (PCTA) pou dedikasyon yo nan pwogram nan, ansanm ak **Elizabeth Brownlee** (West), **Francesca LeClerc** (Classical), **Kate Mendillo** (Carnevale), **Natalie Otero** (Classical), ak **Catherine Sully** (Hope) poutèt yo te rive jwenn premye mikwo-sètifikasyon yo, "Exploring and Deepening an Equity Mindset."

### DEVLOPE YON BANN ABITID LESPRI

Depi mwa desanm 2022, kòwòt sa a ap pratike ansèyman kiltirèl ak listwa epi reflechi sou yo. Edikatè sa yo te travay avèk senk akitivite Doktè Gholdy Muhammad yo ki santre sou idantite, ladrès, entèlijans, kritik ak kè kontan pou kreye ladrès ak apwòch nan ansèyman. Felistasyon epi mèsi ak **Omar Benavides** (Central), **Jacqueline Britto** (Stuart), **Alyson Catalan** (Classical), **LeAnn Dube** (Mt Pleasant), **Renee Duffaut** (Greene), **Roberta Engel** (West Broadway), **Emily Fisk** (Greene), **Caroline Greene** (JSEC), **Nicolasa Jimenez** (Central), **Morgan Lewis** (Esek), **Amy Lopes** (D'Abate), **Kate Mendillo** (Carnevale), **Meghan Mozea** (Times 2), **Lindsay Paiva** (Webster), **Grace Payan** (D'Abate), **Jenny Polanco** (Bishop), **Melissa Rocheleau** (Greene), **Ruad Sok** (Webster Ave), **Christina Toro** (Classical), **Shana Wright** (Delsesto) ak **Michael Jarrett** (Greene).

### ANONS YO EPI MAKE DAT LA

#### Sibvansyon ranfòsman ekite

Equity Grants yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konpreyansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-rasis ak konpreyansyon angajman sivik ak demokrasi. **Equity Grants** pral finanse pwojè ki baze nan lekòl ant $500 ak $4900. Plis detay sou apèsi Equity Boost Grant laepi pou w aplike pou yon Equity Boost Grant, klike isit la a! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan equity@ppsd.org.




#### Doktè Gholdy Muhammad, 31 Me 2023

Patisipe avèk nou nan dezyèm pati **seminè fòmasyon Doktè Muhammad la** sou edikasyon ki gen rapò sansib ak kilti ak listwa. Premye sesyon nou an te gen plis pase 85 patisipan e nou te aprann fason pou angaje tout elèv nou yo ak valè eksperyans yo te viv nan edikasyon. Sesyon sa a ap fèt sou Zoom. Pwofesè PPSD yo, tanpri enskri nan Frontline, paran ak manm kominote a, tanpri itilize lyen sa a pou w enskri pou w ka resevwa enfòmasyon Zoom nan. Nou espere w kapab patisipe avèk nou! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan equity@ppsd.org.

**Konferans RESPECT sou lidèchip elèv yo** – Nouvo dat: 23 me, 8 am - 2:30 pm nan Marriott Providence la.

**Rankont emPOWER**: Kenbe dat la pou rankont EmPOWER pou edikatè LGBTQ+ nan dat 5 jen ak rankont EmPOWER fen ane pou edikatè nwa yo nan dat 20 jen. Tout pwofesè PPSD yo envite pou patisipe, menm jan sa a toujou fèt.

## SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



### IAEI REKONPANSE YON SENYÒ NAN CTE

Mèkredi pase a, International Association of Electrical Inspectors (IAEI) Roger Williams Chapter te onore senyò Adrian Leon nan **PCTA** pou reyalizasyon li yo. Li te youn nan senk elèv elektrik nan Eta Rhode Island ki resevwa prim lan ak yon twous zouti Kelin pou kòmanse karyè li. Felisitasyon Adrian!



### ELÈV CLASSICAL YO VIZITE D.C.

Semèn pase a, Seth Magaziner, manm Kongrè a nan Rhode Island, te gen opòtinite pou l rankontre jèn lidè etidyan nan **Classical High School**. Elèv yo te gen opòtinite pou yo pale ak Kongresis la sou divès sijè pandan vizit yo a. Tout elèv yo te pase yon bon moman epi yo te aprann anpil bagay pandan vwayaj la. Mèsi ak tout paran yo ak responsab legal yo ki te pèmèt sa a posib!



### SWARE MILTIKILTIRÈL

Semèn pase a, **Hope High School** te gen sware miltikiltirèl yo, kote anpil elèv ak fanmi yo te asiste. Apeprè 300 fanmi te vini nan evènman an, ki te yon gwo opòtinite pou kominote lekòl Hope la pou selebre divèsite epi aprann nan kilti youn ak lòt. Mèsi espesyal ak tout moun ki te fè sware sa a yon gwo siksè!



### SWARE JWÈT FANMI

**Nathanael Greene Middle School** te òganize yon sware jwèt fanmi semèn pase a. Elèv yo ak fanmi yo te reyini ansanm pou jwe tout kalite jwèt tablo diferan ki gen Checkers, Connect Four ak Sorry! Te gen yon gwo patisipasyon nan evènman an epi tout moun te pran ti plezi yo. Gwo mèsi pou anplwaye ak administratè yo ki te fè gwo nwit sa a posib pou elèv yo ak fanmi yo!




"Sa a fè w santi byen pou w genyen match la sou teren volebòl la. Èske w konprann sa a m di w la? Epi pou rete bò kote moun ki motive e ki vle reyisi menm jan ak ou."

## PATI ELÈV YO

Chèche konnen bon jan nan elèv senyò nou yo nan distri a!

| Emely Garcia | Valentina Gonzalez | Ambar Jimenez | Ayva Satanoski |
|---|---|---|---|
| *Senyò, E-Cubed Academy* | *Senyò, E-Cubed Academy* | *Senyò, E-Cubed Academy* | *Senyò, E-Cubed Academy* |
| MS: Roger Williams MS | MS: Nathanael Greene MS | MS: Repiblik Dominikèn | MS: Fall River Public Schools |
| ES: Repiblik Dominikèn | ES: Robert F. Kennedy ES | ES: Repiblik Dominikèn | ES: Repiblik Dominikèn |

***Ki plan w genyen pou aprè lekòl segondè w?***

**VG**: M ap kontinye etid mwen yo nan URI. Mwen pral antre kòm biznis ki pa deklare.

**AJ:** Mwen pa vrèman konnen pou kounye a.

AS: Mwen angaje nan Salve Regina nan Newport epi karyè mwen ap sikoloji. Mwen te aprann tou yo aksepte m nan Howard jodi a. Men, mwen te resevwa yon bous etid konplè pou Salve.

**EG:** Ane k ap vini a, mwen pral ale nan CCRI pou de ane epi aprè sa a, m ap transfere nan yon lekòl kat ane. Mwen vle ale nan domèn medikal, swa pedyatri oswa kadyoloji. Lè m transfere, mwen ta renmen ale nan PC oswa URI.

***Ki sa w ap sonje nan lekòl segondè?***

**AS:** Mwen renmen koneksyon nou te genyen yo paske lekòl te piti anpil. Pa gen moun ki pa yon figi abitye. Isit la se yon kominote ki vrèman konekte, mwen pral manke sa a.

**EG:** Mwen ta di menm bagay la, men tou, pou jantiyès tout elèv yo. Lè mwen te premye rive isit la, mwen pa t konnen anpil epi yo tout te vrèman ban m sipò.

***Yo ba w prim pou sa w reyalize sou teren volebòl la, ou ta ka ban m plis detay?***

**VG**: Fason ekip volebòl la te mete tèt ansanm te espesyal. Nou tout te jwe pou Hope epi jwenn rezilta nan chanpyona Novanm nan. Nou te vis-chanpyon. Nou te sèlman pèdi devan Providence Country Day School.

**AJ:** Mwen te toujou gen pratik volebòl nan Repiblik Dominikèn, men mwen pa t janm jwe nan yon match reyèl. Kidonk, se te pi bon eksperyans mwen pou m fè pati ekip la epi jwe nan yon ekip konpetitif kont lòt ekip.

**AS:** Se bèl bagay lè w genyen. Èske w konprann sa a m di w la? Epi rete bò kote moun ki te menm jan ak motivasyon e yo te vle li otan ke ou fè. An jeneral, mwen jis renmen patisipe. Volebòl, sòfbòl, komite elèv, komite pwomosyon, tout bagay sa yo bon. Mwen renmen sa a anpil.

**EG:** Se te yon bèl sezon. Valentina te nan volebòl depi premye ane li. Mwen te rekrite Ambar ak Ayva pou vin jwenn nou nan ekip la nan premye ane nou yo e nou te gen yon bèl sezon.

***Ki sa w pi ap atann anvan w gradye?***

**AS:** Mwen pa tèlman cho pou m gradye. Mwen pa t gen opòtinite pou m rete nan yon sèl lekòl pou kat ane yo. Yo te transfere m nan E-Cubed nan de lane ki sot pase yo. Mwen santi tankou mwen pa gen ase tan isit la. E mwen pa vle ale tout bon vre. Se nòmal pou eksite pou vanse pou pi devan pou fè nouvo zanmi epi aprann nouvo bagay. Mwen t ap renmen pase plis tan nan lekòl segondè.

**VG:** Mwen ta dakò. Menm si mwen te isit la tout kat ane yo. Mwen toujou santi tankou mwen pa t gen ase tan pou m te konnen tout moun ak pwofesè yo byen. Espò an jeneral tou: sezon yo te ale vit. Ou te gen yon bon moman, men w jis vle pou tout bagay te pi long.

**EG:** Kite isit la ap difisil.

***Poukisa espò enpòtan pou ou?***

**VG**: Lè w pratike espò, ou fè plis amitye. Fè relasyon. Yon kominote an jeneral. Tout moun konnen nou kòm medam volebòl yo.

**EG:** Nou tout konekte atravè volebòl.

**AJ:** Lè mwen te rive isit la, mwen te eksite pou m ale Etazini epi jwe nan ekip espò. Mwen te tèlman kontan rantre nan yon ekip. Li te vrèman difisil pou mwen nan premye jou m isit la nan Providence. Premye mwa m yo, mwen te santi m manke yon bagay. Li te difisil pou m abitye ak anviwònman an ak klima a. Mwen te manke vitamin D, solèy la. Volebòl la te bon anpil. Li te fè pati lavi m lè m te Repiblik Dominikèn epi depi m te rantre nan volebòl la isit la, li te fè bagay yo pi fasil.

**VG:** Antrenè Chu te yon antrenè reyèlman bon. Li te ede nou grandi. Nou te soti nan premye ane a san nou pa genyen okenn match rive nan yon ane n ap genyen jis rive nan chanpyona a. Li se yon pwofesè nan Mount Pleasant ak yon antrenè volebòl gason nan Central.

***Poukisa E-Cubed?***

**AJ + AS:** Se lekòl ki pi pre lakay mwen. Mwen rete yon distans 15 minit mache soti isit la,

**VG:** Pou mwen, se paske sè m te ale la a. Li te yon senyò lè m te fenk antre. Kat ane li yo te vrèman byen epi li te ankouraje m vin isit la. Nan kòmansman, mwen te pè pou li pa t twò piti, men mwen renmen li anpil.

***Ki konsèy ou ta gen pou elèv ki fenk rantre yo?***

**AS:** Patisipe.

**AJ:** Chak granmoun vrèman la a pou ede epi yo konprann ou.

**VG:** Eseye nouvo bagay. Ou pa bezwen pè soti nan zòn konfò ou.

***Èske gen pwofesè oswa anplwaye ki te gen yon gwo enpak pandan w te isit la?***

**Tout:** Yo tout te vrèman bon!

**AS:** Mesye Constant te montre li vrèman konn akeyi moun depi nan kòmansman. Li fè tout sa k posib pou li konnen chak dènye elèv ki vini. Tout moun gen yon koneksyon avèk li. Tout moun santi yo alèz ak li epi yo toujou al kote l pou konsèy. Li toujou chèche gen nouvèl ou. Li toujou asire pou yo ba w prim e se yon bagay mwen te toujou apresye lakay li.

## YON TI TOU NAN DISTRI A



### METE RICAS PRÈ

Lekòl primè ak lekòl premye sik segondè nan distri a te montre kijan yo t ap prepare elèv yo pou tès RICAS! Pwofesè yo ak anplwaye yo te fè tout sa a ki posib pou yo eseye fè elèv yo amize plis posib anvan yo te pran tès yo. Tcheke Doktè Reilly, direktè lekòl la nan **Young Woods Elementary School**, jan li te fè Young Owls yo pare pou fè tès la semèn pase a, ak dinozò a ki te bay yon vizit nan **Dr. Martin Luther King, Jr. Elementary School**, paske elèv yo pare pou "gwonde nan RICAS."



### SEMÈN LEKTI

Anplwaye PPSD, elèv yo ak patnè kominotè yo te patisipe nan Semèn Lekti nan anpil nan lekòl nou yo! **Mary E. Fogarty Elementary School** ak **Asa Messer Elementary School** te gen anpil lektè envite espesyal pou te fè lekti pou elèv yo. Nou pa ka tann pou n wè ki lòt aktivite k ap genyen semèn pwochèn! Bon Semèn Lekti pou elèv PPSD nou yo ak anplwaye yo!



### MAJISTRA SMILEY VIZITE MOUNT PLEASANT

Majistra vil Providencela, Joann Ryan, ansanm ak Sipèentandan, Dr. Montañez ak Prezidan Komisyon Konsèy Lekòl la, Erlin Rogel te pase nan **Mount Pleasant High School** semèn pase a, pou aprann sou divès pwogram enteresan ki gen pou fèt nan lekòl la. Yon mèsi espesyal pou direktè Mount Pleasant la, Torchon poutèt tan l pran pou montre tout moun alantou epi diskite sou nouvo pwogram yo ki gen pou fè nan lekòl segondè a.



### SEMÈN APRESYASYON PWOFESYONÈL PWOFESÈ AK ADMINISTRATIF

Semèn ki sot pase a nan mwa avril te **Semèn pwofesyonèl administrasyon yo**. Mèsi ak tout ewo yo pa konnen nan Distri a ki kenbe biwo nou an ap fonksyone. Kòm yon jès kalite, Sipèentandan an te delivre manje ak woz nan chak etaj nan 797 Westminster Street nan Jou Asistan Administrasyon an! San anplwaye nou yo, okenn nan travay sa yo pa t ap posib. **Semèn Apresyasyon Pwofesè a se 8 me - 12 me** epi **Jounen Apresyasyon Direktè a** te 1 me. Nou apresye tout moun e nou apresye devouman w!

Gwo bagay ap pase atravè distri a e nou vle w konnen yo! Si w gen yon pwogram, yon evènman, Manm pèsonèl oswa elèv ki gen yon bèl istwa ou ta renmen prezante, tanpri voye yon imèl nan communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2023 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org